

Kijan Sivivan yo ka ede evite reta nan Pwosesis Lojman Tanporè

Release Date: Dec 8, 2020

Sivivan Siklòn Laura yo ki elijib pou Inite Lojman Tanporè Transpòtab (TTHU yo) ka ede rann pwosesis la osi senp ke posib pou yo. Si ou elijib pou yon TTHU sou pwopriyete prive w, FEMA pral kontakte w pou pwograme yon enspeksyon sou teren an.

Etap ou kapab pran pou ede avanse pwosesis la:

- **Ou dwe disponib.** Oumenm, oswa yon moun ki gen 18 ane oswa pi gran ki reprezante w, dwe prezan pou enspeksyon sou sit la pou detèmine si pwopriyete w adapte pou enstalasyon yon TTHU. Yon kontraktè FEMA ap pwograme epi fè enspeksyon an. Yon reprezantan FEMA ap kontakte w anvan enspeksyon an pou eksplike pwosesis la ak pou ba ou enfòmasyon kontak sizoka ou genyen kesyon sou estati TTHU w.
- **Kontakte konpayi sèvis piblik ou opli vit ke posib pou fè aranjman pou elektrisite pou TTHU,** sa ki kapab egzije yon dezyèm kontè ak yon poto elektrik tanporè sou pwopriyete w. Di konpayi elektrik la se pou yon enstalasyon FEMA TTHU epi presize si wap resevwa yon kay mobil oswa trelè vwayaj. Otorite lokal ou yo pral enspekte enstalasyon an epi enfòmasyon konpayi elektrik la kilè yo kapab mete kouran an operasyonèl. Si ap gen reta pou jwenn yon dezyèm kontè tanporè pou nenpòt rezon, kontakte FEMA opli vit ke posib pou diskite sou opsyon yo ak posib asistans pou rezoud pwoblèm lan.
- **Ede FEMA jwenn dwa-dantre nan katye ou yo.** FEMA ka bezwen pèmision pou kreze liy sèvis piblik yo oswa jwenn aksè nan pwopriyete w e li pral bezwen enfòmasyon kontak, si ou genyen l, pou katye ou yo si yo dwe travèse pwopriyete w pandan enstalasyon TTHU w.

Aprè livrezon TTHU nan pwopriyete w, kontraktè FEMA a kapab dekouvri domaj nan TTHU ki koze pandan transpòtasyon oswa enstalasyon ki dwe repare anvan FEMA ka remèt ou kle yo. Anplis, FEMA ka bezwen tou fè aranjman pou sekirite oswa modifikasyon aksesib nan TTHU, tankou ranp bilding, modifye douch yo, elevasyon ak ankraj.



FEMA

Page 1 of 2

FEMA te elaji sèvis li yo pou akomode kesyon ou yo osijè TTHU yo. Si yo pa t ba ou yon pwen kontak pou bezwen lojman ou yo, ou kapab rele Liy èd FEMA epi yo pral pran enfòmasyon w epi voye l nan Depatman Lojman Dirèk. Liy èd FEMA kapab kontakte w nan 800-621-3362. Si ou itilize TTY, ou kapab rele 800-462-7585; si ou itilize 711 oswa Sèvis Relè Videyo, ou ka rele 800-621-3362. Ou ka vizite tou yon Sant Rekiperasyon Katastwòf ki toupre w. Pou jwenn yon Sant Rekiperasyon Katastwòf vizite, [fema.govDRCLocator](https://www.fema.gov/DRCLocator) oswa ou kapab rele liy èd FEMA.

Pou w jwenn dènye enfòmasyon sou siklòn Laura, vizite <https://www.fema.gov/disaster/4559>.



FEMA